Coronavirus CivActs Campaign presents

CIVIC ACTION TEAMS

# FAIR FACTS

अंक ११८

२६।०४।२०७८



## धनगढी उप-महानगरपालिका, वडा नं. ९ के खोप केन्द्रमे भेरोसेलके पहिल मात्रा लगाबैत ।

*तस्विर: गंगा भण्डारी*



२०७८ साल श्रावण २२ गते सँ देशभैर खोप अभियान ।
श्रावण २२ गते सँ भेरोसेलके दोसर मात्रा ।

*थप विवरणहरुको लागि यहाँ क्लिक गर्नुहोस्*

## अई अंक भित्तर

**नेपाल भैरके महानगरपालिकासँ कोभिड - १९ के प्रतिकार्यके लेल विनियोजन केने बजेट ।**

महानगरपालिकासभद्वारा स्वास्थ्य क्षेत्रमे छुट्याओल गेल बजेट औषतमे ४% छै । लेकिन, कोभिड - १९ सँ सम्बन्धित बजेट कुल बजेटके जम्मा १% मात्रे छै ।

---

**वैदेशिक रोजगारीमे जायवलासभके क्यूआर कोड सहितके खोप कार्डके लेल अनलाईन फारम भर परतै कहादन ।**

आब क्यूआर कोड सहितके खोप प्रमाणपत्रके लेल अनलाईनमे मांग कएलगेल दस्तावेजसभ अपलोड कलक प्राप्त कर सकै छी ।

---

**चित्रके व्यापार नै चललै, लेकिन कुची सँ चित्रमे आत्मा भरके कर्म लगातार चैलरहल छै ।**

चित्रकारिताके ५०अम वर्ष पुरा केने साहके रंग कोभिड - १९ के प्रभावसँ हल्का बना देने छै ।

# फ्याक्ट सिट

## नेपाल भैरके महानगरपालिकासँ कोभिड - १९ के प्रतिकार्यके लेल विनियोजन कएलगेल बजेट

### आर्थिक वर्ष २०७८/७९ के बजेट बिनियोजन




**ललितपुर**

**बजेट सार्वजनिक नगरेको**

**काठमाण्डौ**

**जम्मा बजेट :** १८,९५,७७,००,०००
**स्वास्थ्य क्षेत्रमा छुट्याएको बजेट :** ७०,१६,०२,००० (३.७%)
**कोभिडसँग सम्बन्धित बजेट :** २,२०,००,००० (०.१२%)

**पोखरा**

**जम्मा बजेट :** ६,२७,७५,००,०००
**स्वास्थ्य क्षेत्रमा छुट्याएको बजेट :** २१,५०,००,००० (३.४२%)
**कोभिडसँग सम्बन्धित बजेट :** ३८५००००० (०.६१%)

**भरतपुर**

**जम्मा बजेट :** ४,८१,१२,००,०००
**स्वास्थ्य क्षेत्रमा छुट्याएको बजेट :** ९,००,००,००० (१.८७%)
**कोभिडसँग सम्बन्धित बजेट :** २,४०,००,००० (०.५०%)

**बिरगञ्ज**

**जम्मा बजेट :** ३,५५,३९,००,०००
**स्वास्थ्य क्षेत्रमा छुट्याएको बजेट :** २१,३०,००,००० (५.९९%)
**कोभिडसँग सम्बन्धित बजेट :** उल्लेख गरिएको छैन

**बिराटनगर**

**जम्मा बजेट :** ४,१०,०३,००,०००
**स्वास्थ्य क्षेत्रमा छुट्याएको बजेट :** १८,०१,००,००० (४.३९%)
**कोभिडसँग सम्बन्धित बजेट :** ३,००,००,००० (०.७३%)

कोभिड - १९ विरुद्धके प्रतिकार्यमे स्थानीय तहके महत्वपूर्ण भूमिका रहैत छै । हरेक स्थानीय तहके कोभिड - १९ विरुद्धके प्रतिकार्यके प्राथमिकतामे राख सरकार निर्देशन देने छै, लेकिन बजेट बिनियोजन करकालमे प्राय स्थानीय तहसभ एहिदिस ध्यान नै देने देखाईत छै । कोभिडके संक्रमण दर फेर बैढ् रहल अवस्थामे सबसँ बेसी जिम्मेबार स्थानीय तहसभ अईमे पर्याप्त बजेट विनियोजित केनाई जरुरी छै । जखन कि महानगरपालिकासभ स्वास्थ्य क्षेत्रमे छुट्याओल बजेट औषतमे ४% छै । लेकिन, कोभिड - १९ सँ सम्बन्धित बजेट कुल बजेटके जम्मा १% मात्रे छै । अई सँ कि देखाबैत छै कि, संक्रमितके संख्यामे भलरहल बृद्धि आ अईसँ आबवला आर्थिक संकटके समयमे कोभिड - १९ विरुद्धके प्रतिकार्यके लेल नेपालके महानगरपालिकासभ तैयार नै छै ।

# हल्ला आ तथ्य

आब वैदेशिक रोजगारीमे जायवलासभके क्यूआर कोड सहितके खोप कार्डके लेल अनलाईन फारम भर परतै कहादन । अनलाईनमे पहुँच नै भेलसभ कि करवाक चाही ?

हँ, आब वैदेशिक रोजगारीमे जायवलासभके क्यूआर कोड सचितके खोप प्रमाणपत्रके लेल https://vaccine.gov.np/public-request-form मे जाळक मांग कएलगेल दस्तावेजसभ अपलोड कळक प्राप्त कएल जासकैय । तै के लेल राहदानी, खोप कार्ड आ एहिबीचमे खिचलगेल पासपोर्ट आकारके फोटो अपलोड कर परैत छै । अनलाईनमे पहुँच नै भेलसभके राष्ट्रिय आयुर्वेद अनुसन्धान तथा तालिम केन्द्र कीर्तिपुरमे उपर उल्लेख कएलगेल दस्तावेजके सक्कल आ छाँया प्रति बुझाक क्यूआर कोड सहितके खोप प्रमाणपत्र प्राप्त कर सकैत छै ।

Source: https://cutt.ly/LQnrkfa

कोभिड - १९ के लक्षण देखाएल आ संक्रमितके सम्पर्कमे आएल आदमीके आब वडाके जानकारी कराक मात्रे परिक्षण कराब परत कहैत छै । कि आब अपने अस्पताल जाळक जाँच कराब नै पाओत ?

तेना नै कहने छै । कोभिड - १९ के लक्षण देखाएल आ संक्रमितके सम्पर्कमे आएल आदमीके नेपाल सरकार निशुल्क व्यवस्था केने एन्टिजेन तथा पिसिआर परीक्षणके लेल सम्बन्धित स्थानीय तह या जिला अस्पतालसँ सम्पर्क कळक परीक्षण कराब कहने छै । भीडभाड रोक आ स्वास्थ्य मापदण्डके प्रभावकारी पालना कराब एना कहल गेल छै ।

Source: https://cutt.ly/HQnqvYA

लम्बा समयतक चलवला कोभिड सँ लम्बा समयतक स्वास्थ्यमे असर करैत छै वला बात आबिरहल छै । कि वास्तवमे अई सँ लम्बा समयतक स्वास्थ्यमे असर करैत छै कहके कोनो आधार भेटल छै ?

लम्बा समयतक चलवला कोभिडके लक्षण सब कोभिड संक्रमितमे नै देखाईत छै । संक्रमित मे सँ कमे आदमीमे मात्रे लम्बा समयतक चलवला कोभिडके लक्षण देखाईत छै । विशेष कळक, हृदय, फेफडा, चमडा, गन्ध, निन्द आ मस्तिष्क सम्बन्धि दीर्घकालिन समस्या भेल आदमीमे एकर लक्षण देखा सकैत छै । यद्यपी, अई सम्बन्धी अध्ययन चैल रहला सँ, अखने निश्चित रुपसँ एकर असरके बारेमे कह सकके अवस्था नै छै ।

Source: https://www.who.int/docs/default-source/coronaviruse/

# कोभिड - १९ खोपको ताजा अद्यावधिक

अहिलेसम्म प्राप्त जम्मा खोपको मात्रा **१,०५,२६,२७०**

कोभिशिल्ड खोप **३१,९१,४२०**

भेरोसेल खोप **५८,००,०००**

जोन्सन एण्ड जोन्सन खोप **१५,३४,८५०**




१८ वर्ष माथिको जम्मा जनसंख्या *(खोपको लागि योग्य जनसंख्या)*:
**२,०२,९१,२५४**

१८ वर्ष उमेर समूह माथि पूर्ण खोप प्राप्त जनसंख्या प्रतिशतमा
**१२.२८%**

१८ वर्ष उमेर समूह माथीको जम्मा जनसंख्यालाई आवश्यक जम्मा खोपको मात्रा
**३,७५,१२,८०८**

## खोपको माँग गर्दै बहुतोरास समूहद्वारा कण्लगोल विरोध

COCAP


शिक्षक


विद्यार्थी


यातायात व्यवसायी


पर्यटन व्यवसायी

# श्रमिक संगी

## यूएईमे धिरे धिरे कोभिड - १९ के संक्रमित घटैत

### यूएई:

- हिजरी नयाँ वर्षके अवसरमे अगस्त १२ मे सार्वजनिक बिदा ।
- अबुधावीमे पिसीआर परीक्षणके ६५ दिरहाम मात्रे लागत । तै सँ बेसी लेने अछि त उजुरी कर सकैछी ।
- बैठक, कार्यक्रम तथा प्रदर्शनीसभमे जायके लेल कोभिड - १९ विरुद्धके पूर्ण मात्रा खोप लगेने होब परत ।
- आब ८०% क्षमतामे मल, होटल, सिनेमा सूचारु कर पाओत । साथे, बहुतोरास कार्यक्रम ६०% क्षमतामे सम्पूर्ण स्वास्थ्य मापदण्ड अपनाक चलाब पाएब ।




- अगस्त, २०२१ के दिन ३ महिना ईम्हरके सब सँ कम कोभिड - १९ के घटनासभ देखलगेल छै । अई सँ, आब धिरे धिरे संक्रमितसभ घटैत गेल देखाबैत छै ।

### कुवेत:

- ९ अगास्टमे ईस्लामिक नयाँ वर्षके अवसरमे सार्वजनिक बिदा ।
- नेपालके खोप कार्ड प्रमाणीकरणमे क्यूआर कोड प्रमाणपत्र देब शुरु केने छै । जे कि अनलाईन तथा अफलाईन दुनु माध्यम सँ लेल जासकैय । किछ प्रमाणपत्रमे जन्म मिति विक्रम सम्बत मे भेलाके कारण सँ अपन पुरा विवरण देखक मात्रे नाम दर्ता कराएब ।
- अगस्त १५ सँ सब सरकारी कार्यालयसभ नियमित समयमे चलतै ।
- १२ वर्ष सँ उपरके सेहो खोप लगाब शुरु कएलगेल छै । १ दिनमे एक लाख कोईके खोप लगाओल जेतै ।
- नेपाल, भारत, पाकिस्तान, श्रीलंका आ बाङ्लादेश कुवेतके उच्च जोखिम सूचीमे । कुवेतमे खोप लगेनेसभ सिधे कुवेत आब पाओत । लेकिन ओहीठम कुबेत बाहर खोप लगेनेसभके प्रमाण सहित तेसर देशमे क्वारेन्टाईनमे रहिक आब परत ।

### साउदी अरब:

साउदी जायवला श्रमिकसभके खोप लगेलाके बादो ७ दिन क्वारेन्टाईनमे रह परवला नयाँ नियम ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी।

# खिस्सा किनाराके

## चित्रके व्यापार नै चललै, लेकिन कुचीसँ चित्रमे आत्मा भरके कर्म लगातार चैल रहल छै

महोत्तरी जिल्ला सदरमुकाम जलेश्वरके महादेव मन्दिर आगु साह कलाघर छै । ओत चित्रकार रामएकवाल साहके हाथमे जखनो भी रंग लागल कुची होइत छै । मन्दिर परिसरमे आबवला किन्हको भी मन हुनकर बनाएल चित्र तानैत रहैत छै । ऊ उहे चित्रसभ बेचिक जिविकोपार्जन करैत छैथ । हुनकर चित्रसभ नेपालके काठमाण्डौ, पोखरा सँ ललक भारतके दिल्ली आ मुम्बई तक पहुचल छै । चित्रकारिताके ५०अम् वर्ष पुरा केने साहके रंग कोभिड - १९ के प्रभावसँ हल्का बनादेने छै । अर्थात हुनकर एक मात्रे रोजिरोटीके नै बढिया सँ प्रभावित कलदेने छै ।

बीचमे ऊ अपने सँ बनेने चित्रके आभासी (भर्चुअल) प्रदर्शनी त केलैथ, लेकिन ऊ मेहनतके दाममे रुपान्तरण कर नै सकल छैथ ।

> **बजार ठप्प भेलाके बाद हुनकर चित्रके व्यापार त नै चललै, लेकिन हुनकर कुची चित्रमे आत्मा भरके कर्म लगातार करहल छै । हुनका पता नै छै, महामारीके प्रभाव कहिया तक रहतै, लेकिन ऊ अपनालगा भेल अदभुत क्षमतामे अंकुश लगाब नै चाहैत छैथ ।**






ओना त हुनकर तीनटा बेटासभ चित्रकलाके ज्ञान होईतो दोसर पेशा चुनलक, कारण ऊसभ व्यवसायिक भविष्य नै देखलैथ । लेकिन हुनकालगा एहि उमेरमे दोसर विकल्प नै छै ।

चित्रकलामे योगदान केलाके एवजमे १५ साल पहिले सरकार सँ गोरखा दक्षिणबाहु चारिम पदवी प्राप्त केलैथ । सरकारके सेहो साह जेहन राष्ट्रिय प्रतिभाके संरक्षण करवाक चाही । लेकिन, ऊ सरकारके मुँह ताकके सट्टा चित्र बनाबमे मगन छैथ । दोसर बात, ऊ बड्का शहरमे जालक सेहो अपन प्रतिभाके दायरा चौडा बनाक नाम आ दाम दुनु कमा सकै छलैथ, लेकिन ऊ अपन जन्मस्थलके कर्म स्थल बनेलैथ । चित्रकारिताके माध्यम सँ अपन जगहके देश विदेशमे चिन्हेलैथ आ ऊ अहिमे सन्तुष्ट छैथ । महामारीसँ हुनकर व्यवसाय प्रभावित भेलाके बादो हुनकर चित्रमे देखायवला रंगिन सपनाके प्रभावित कर नै सकल ।

# भोइसेस आउट लाउड - हमर बात

अपने कोरोना संक्रमितके ईलाजमे लाग परत कहिक डेढ सालके बच्चाके संक्रमण होबसँ बचाब दू महिना आगु निषेधाज्ञाके बीचमे रातारात सिन्धुलीमे सास ससुरके घरमे पठाब परल । ईलाजके लेल अस्पताल आबवला रोगीसभके अवस्था देखालापर अपनो नै बचब जेना लगैत छल, लेकिन ईलाजमे लागके विकल्प नै छलै । अखन सामाजिक सञ्जालमे कोरोना सम्बन्धि बहुतोरास अपुष्ट विषयवस्तु आ फोटोसभ राखके क्रम बढल छै । अई सँ संक्रमित आ संक्रमतिके नजिकके लोकसभके मनाबल घटाबैत छै । तै सँ समाजके त्रसित बनाबवला सामानसभ सामाजिक सञ्जालमे राखमे रोक लगेबै त मात्रे सेहो बहुते रोगीसभ मनोवैज्ञानिक रुपसँ संक्रमणके शिकार होब सँ बचत ।

## पविला थापा

अहेव,
हेटौडा अस्पताल





## अनिता थापा

स्टाफ नर्स,
नेपालगञ्ज मेडिकल कलेज, बाँके

हमरा लगैत अछि हमसभ अस्पतालमे कार्यरत कर्मचारी सब कोभिड सँ अछुता नै रहलौ । स्वास्थ्य मापदण्ड अपनेलाके बाद सेहो हमसभ संक्रमित भेलौ आ किछ दिन बाद ठिक भलक फेर रोगीके सेवामे लगलौ । तेसर लहरके संक्रमित सेहो देखा चुकल छै । तै, सबकोई अपन अपन जगह सँ सचेत भ सावधानीके उपायसभ कडा रुपमे अपनेनाई जरुरी छै । अखनो सेहो गाँममे रहवला बहुते आदमीके खोप नै लागल छै आ कतेको के त खोपके बारेमे जानकारी सेहो नै छै । तै, हुनकासभ लक्षित खोप सचेतना कार्यक्रम सेहो जरुरी छै ।

# FAIR FACTS

is a product of:

CIVIC ACTION TEAMS



**फेयर फ्याक्ट्स** एकटा खुला अभियान छै, जै सँ नागरिक, नेतृत्वकर्ता आ बहुतोरास निकायके एक सुत्रमे जोडैत अछि । साथसाथे, अई सँ कोभिड - १९ सम्बन्धी गलत सूचना आ हल्लासँ निमन्त्रीत करवला समस्याके तथ्यपर आधारित जानकारीके माध्यमसँ समाधान करैत छै । कोरोना भाईरस सँ आमन्त्रीत अखनके अवस्थामे सेहो स्वास्थ्य सेवा, जीविकोपार्जन आ सामाजिक सुरक्षा सम्बन्धी विषयमे जल्दी आ विश्वसनिय सूचनाके जरुरतके जोड़ दैत छै । तै सँ सेहो हमसभ स्पष्ट तथ्यके माध्यम सँ परिवर्तनके संबाहक अभियन्ताके एकटा मजबुत संजाल बनाक महामारीके समयमे नै सुनल खिस्सा आ आवाजसभके शक्तिके निष्पक्ष आ न्यायोचित प्रतिकार्यमे उपयोग कर सहयोग करैत छी।

कोभिड - १९ मात्रे स्वास्थ्यसँ सम्बन्धित संकटमात्रे नै छै, अई सँ शासन प्रणालीके जवाफदेहिता आ निष्ठाके सेहो प्रभावित करैत छै । तै सँ कोरोना भाईरसके हराबके लेल हमसभ तथ्यके खोजी करैत छी, जरुरी जानकारी प्रसार करै छी आ अईके लेल बृहत संजाल बनाबैत छी ।

Brought to you by:

accountabilitylab communities

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

***REACH OUT TO US ON***


@CivicActionTeams

@civacts

@CivActs

Civic Action Teams

/accountability_lab

Email: civactsnp@accountabilitylab.org

Phone: 9851203219